

10 oswa rele yon zanmi pou jwenn sipò. Pa janm kenbe oswa pa janm pran tibebe ou lè ou santi ou ankòlè, epi kèlkeswa jan ou santi ou enpasyon oswa ankòlè, pa janm sekwe tibebe ou. Lè ou sekwe yon tibebe di sa ka lakòz li trape domaj nan sèvo, paralizi serebral, pwoblèm pou aprann ak pwoblèm konpòtman, malkadi, paralizi ak lanmò.

Asire tout moun k ap pran swen tibebe ou konnen pou yo pa sekwe yon tibebe. Si ou panse yon moun te sekwe tibebe ou, chèche bon jan swen medikal pou li imedyatman. Swen medikal rapid ka sove lavi tibebe ou.

## Pou jwenn plis enfòmasyon

Pou èd pou jwenn sèvis swen anvan akouchman, rele Liy Dirèk "Growing Up Healthy" (Fason pou Grandi an Sante) New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York), 1-800-522-5006 (koutfil la gratis).

Patisipe nan klas pou edikasyon timoun oswa pale ak doktè ou sou zafè edikasyon timoun. Oswa, li *Welcome to Parenthood: A Family Guide (Byenveni nan Edikasyon Timoun: Yon Gid pou Fanmi yo)* [www.health.ny.gov/publications/2940.pdf](http://www.health.ny.gov/publications/2940.pdf)

Pou rapòte abi oswa move tretman sou timoun nan Eta New York, rele New York State Child Abuse and Maltreatment Reporting Center (Sant pou Rapòte Abi ak Move Tretman sou Timoun nan Eta New York) nan nimewo 1-800-342-3720.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou alètman tibebe ou, ale sou sitwèb [www.health.ny.gov/community/pregnancy/breastfeeding/](http://www.health.ny.gov/community/pregnancy/breastfeeding/)


Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sendwòm Tibebe yo Sekwe, li piblikasyon ki rele *Never, Ever Shake a Baby (Pa Janm, Janm Sekwe yon Tibebe)* [www.health.ny.gov/publications/3192.pdf](http://www.health.ny.gov/publications/3192.pdf).

Pou jwenn dènye nouvèl sou sekirite rapèl pwodui sou atik ki gen pou wè ak pwodui ak jwèt timoun, enskri pou nou mete non ou sou Lis Abònman Rapèl Komisyon Sekirite Pwodui Konsomasyon: [www.cpsc.gov/cpsclist.aspx](http://www.cpsc.gov/cpsclist.aspx) oswa rele nimewo 800-638-2722 (TTY 301-595-7054).



Swiv nou sou:

[health.ny.gov](http://health.ny.gov) [facebook.com/NYSDOH](https://www.facebook.com/NYSDOH)  
[twitter.com/healthnygov](https://twitter.com/healthnygov)



Itilize espas sa a pou logo ak/oswa idantifikasyon sant medikal la

Lwa Eta New York konsènan Enfòmasyon sou Matènite egzije chak lopital pou yo bay enfòmasyon ki endike anba la yo sou pratik ak pwosedi akouchman yo. Enfòmasyon sa yo kapab ede ou pi byen konprann sa ou kapab espere, aprann plis bagay sou chwa akouchman ou, epi planifye pou akouchman tibebe ou.

Yo bay pifò enfòmasyon yo sou fòm pousantaj tout akouchman ki fèt nan lopital la pandan nenpòt ane. Pa egzanp, si 20 akouchman sou 100 se akouchman avèk metòd sezaryèn, pousantaj akouchman avèk metòd sezaryèn nan ap 20%. Si yo itilize siveyan fetis deyò nan 50 sou 100 akouchman, oswa mwaye akouchman yo, pousantaj la ap 50%.

Enfòmasyon sa yo, sèlman, pa vle di ou yon lopital pi bon pase yon lòt pou ou. Si yon lopital fè mwens pase 200 akouchman chak ane, itilizasyon pwosedi espesyal yo nan kèk akouchman ka chanje pousantaj li yo.

Kalite akouchman yo ka afekte pousantaj yo tou. Kèk lopital ofri sèvis espesyalize pou fanm ki prevwa gen akouchman ki konplike oswa ki riske anpil, oswa pou fanm ki prevwa tibebe yo p ap devlope nòmalman. Yo kapab mande lopital sa yo pou yo gen pi gwo pousantaj pwosedi espesyal pase lopital ki pa bay sèvis sa yo.

Enfòmasyon sa yo pa di ou tou anyen sou pratik doktè ou oswa fanmsaj lisansye yo. Men, enfòmasyon yo ka sèvi lè w ap diskite sou sa ou vle avèk doktè ou oswa fanmsaj lisansye ou, epi pou chèche konnen si pwosedi espesyal li itilize yo sanble oswa diferan avèk sa lopital la itilize.

Ou ta dwe jwe yon wòl aktif nan fè akouchman ou vin kalite eksperyans ou vle a. Pou fè sa, ou bezwen enfòmasyon. Patisipe nan klas preparasyon akouchman ou epi li kèk liv sou akouchman. Poze kesyon epi diskite sou chwa ou yo ak sa ou vle yo avèk doktè ou oswa fanmsaj lisansye ou. Enfòmasyon sou bagay ou kapab fè pou akouche yon tibebe an sante disponib sou sitwèb: [www.health.ny.gov/community/adults/women/](http://www.health.ny.gov/community/adults/women/)

## Pousantaj Pwosedi yo Chwazi nan Akouchman

(kantite) akouchman total nan (Non Lopital la) pandan \_\_\_\_\_ .

- \_\_\_\_\_ % of akouchman yo se te metòd sezaryèn
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo se te Metòd Sezaryèn Primè
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo se te Metòd Sezaryèn Repete
- \_\_\_\_\_ % Fanm ki te fè yon akouchman avèk yon Metòd Sezaryèn Anvan ki te gen yon Akouchman Vajinal
- \_\_\_\_\_ % akouchman se te Akouchman Fanmsaj te fè.
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo te gen pou wè ak Siveyans Elektwonik Fetal Deyò.
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo te gen pou wè ak Siveyans Elektwonik Fetal Anedan.
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo te gen pou wè ak Akouchman Avèk Fòsèp Ba
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo te gen pou wè ak Akouchman Avèk Fòsèp Mwayen
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo se te gen pou wè ak Akouchman Pa Syèj nan Vajen
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo te gen pou wè ak Analjezi
- \_\_\_\_\_ % Akouchman Vajinal te gen ladan Anestezi Jeneral
- \_\_\_\_\_ % Akouchman Vajinal te gen ladan Anestezi Espinal
- \_\_\_\_\_ % Akouchman Vajinal te gen ladan Anestezi Epidiral pandan akouchman an.
- \_\_\_\_\_ % Akouchman Vajinal te gen ladan Anestezi Para-Sèvikal
- \_\_\_\_\_ % Sezaryèn yo te gen ladan Anestezi Jeneral
- \_\_\_\_\_ % Sezaryèn yo te gen ladan Anestezi Espinal
- \_\_\_\_\_ % Sezaryèn yo te gen ladan Anestezi Epidiral
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo te anrapò ak Deklanchman
- \_\_\_\_\_ % akouchman yo te gen ladan Ogmantasyon Tranche
- \_\_\_\_\_ % Akouchman Vajinal te gen ladan Epizyotomi
- \_\_\_\_\_ % Tibebe yo te Bay Nenpòt Lèt Tete
- \_\_\_\_\_ % Tibebe yo te Bay Lèt Tete Sèlman
- \_\_\_\_\_ % tibebe yo Te Bay Nenpòt Lèt Tete ki pa t Fòtifye avèk Lèt Anpoud

Nòt: Sal Akouchman (*disponib/pa disponib*) nan sant medikal sa a.

Nòt: Chanm pou manman ak tibebe rete ansanm (*disponib/pa disponib*) nan sant medikal sa a.

Nòt: Chanm pou manman ak tibebe rete ansanm lajounen sèlman (*disponib/pa disponib*) nan sant medikal sa a.

## Definisyon yo

**Akouchman Avèk Fòsèp** – Enstriman ki gen fòm kiyè, ki rele fòsèp, yo itilize pou ede fè tèt tibebe a soti pandan akouchman an.

**Akouchman Avèk Fòsèp Ba** – Enstriman yo pa itilize jouk lè tèt tibebe a deplase nan basen an.

**Akouchman Avèk Fòsèp Mwayen** – Doktè a itilize enstriman yo anvan tèt tibebe a bouje nan basen an.

**Akouchman Vajinal Apre Metòd Sezaryèn** – Manman an te fè yon akouchman avèk metòd sezaryèn anvan, men li akouche tibebe sa a nan vajen.

**Akouchman-pa-Syèj** – Yon akouchman kote fès ak/oswa pye tibebe an antre nan kanal akouchman an anvan.

**Analjezi** – Medikaman yo itilize pou diminye sansasyon doulè.

**Anestezi** – Yon medikaman oswa lòt ajan yo itilize pou lakòz pasyan an pa santi anyen.

**Anestezi Epidiral** – Yon medikaman yo bay nan yon tib fen ki antre anba do manman an pou fè rejyon vajinal la ak anba tivant lan pa sansib.

**Anestezi Espinal** – Yon medikaman yo enjekte nan zòn espinal enferyè a pou fè rejyon vajen an pa sansib.

**Anestezi Jeneral** – Yon gaz oswa medikaman yo bay nan venn ki sèvi pou fè manman an pèdi konesans pandan akouchman an.

**Anestezi Para-Sèvikal** – Yon medikaman yo enjekte nan kòl matris la (ouvèti matris la pou soulaje doulè tranche a.

**Chanm pou Manman ak Tibebe** – Yon aranjman kote manman an ak tibebe a resevwa swen nan menm chanm lan pandan tout jou a oswa pandan yo gwo pati nan jou a.

**Deklanchman Medikal Tranche** – Yon medikaman yo itilize pou kòmanse kontraksyon tranche a.

**Epizyotomi** – Yon ensizyon (koupi) doktè a fè pafwa pou agrandi ouvèti vajen an.

**Fanmsaj Lisansye** – Yon enfimyé ki gen diplòm leta epi ki te resevwa fòmasyon fanmsaj espesyalize pou pran swen fanm ak tibebe yo pandan gwosès, akouchman epi apre akouchman.

**Metòd Sezaryèn** – Yon operasyon chirijikal kote doktè akouche tibebe a avèk ensizyon (koupi) yo fè nan vant ak matris manman an.

**Metòd Sezaryèn Primè** – Premye akouchman manman an, menmsi li te fè akouchman vajinal anvan.

**Metòd Sezaryèn Repete** – Lè manman an te fè youn oswa plis akouchman avèk metòd sezaryèn anvan.

**Ogmantasyon Tranche** – Yon medikaman yo itilize pou ede kontraksyon tranche a kontinye oswa vin pi fò.

**Sal Akouchman** – Yon aranjman nan lopital kote tranche, akouchman ak gerizon imedyat fèt apre akouchman an nan menm sal la. Nan kèk lopital, sa ka rele yon “LDR” oswa “LDRP”.

**Siveyans Elektwonik Fetis** – Anrejistreman elektwonik kontraksyon yo ak batman kè tibebe a.

**Siveyans Elektwonik Fetis Andedan** – Nan siveyans sa a, doktè antre yon ti tib ki gen yon fil fen nan matris la epi li tache fil la nan po tèt tibebe a. Epitou, doktè a ka mete yon tib mou akote tèt tibebe a pou mezire kontraksyon yo.

**Siveyans Elektwonik Fetis Deyò** – Konsène itilizasyon ti enstriman yo mete anplas sou vant manman an avèk senti.

**Tibebe Yo Bay Manje Ant Akouchman ak Egzeyat nan Lopital** (sof tibebe yo admèt nan Inite Swen Entansif Apre Akouchman oswa yo transfere oswa retire nan yon lòt lopital)

**Ki Fòtifye avèk Lèt Anpoud** – Tibebe yo bay tete, ki t ap resevwa lèt anpoud.

**Tibebe ki Bwè Nenpòt Lèt Tete** – Tibebe yo te bay lèt tete sèlman (avèk nenpòt metòd – nan tete, bibwon, tas, oswa sond alimantasyon) ak tibebe yo te bay lèt tete ak lèt anpoud.

**Tibebe yo Bay Lèt Tete Sèlman** – Tibebe yo te bay lèt tete sèlman (sètadi, pa ni lèt anpoud ni dlo) depi li fèt.



## Apre Akouchman... Garanti Lopital pou Pasyan ki Entène

Chak konpayi asirans sante ki nan Eta New York gen obligasyon pou bay garanti lopital pou pasyan ki entène pou yon manman ak tibebe pandan omwen 48 èdtan apre akouchman pou akouchman vajinal epi omwen 96 èdtan apre yon akouchman avèk metòd sezaryèn. Answit, chak lopital dwe bay edikasyon pou paran, èd ak fòmasyon nan fason pou bay tibebe tete oswa nan fason pou bay tibebe bwè nan bibwon, ak nenpòt evalyasyon klinik manman ak tibebe a.

Si ou chwazi pou kite lopital la pi bonè, garanti ou kòm pasyan ki entène ap pwolonje pou gen ladan omwen yon vizit swen sante lakay ou. Vizit swen sante nan kay ap bay edikasyon pou paran yo, èd ak antrènman nan fason pou bay tibebe a tete oswa nan fason pou bay tibebe a bwè nan bibwon, ak nenpòt evalyasyon klinik manman an oswa tibebe a. Vizit sa a ap fèt anplis nenpòt garanti pou swen nan kay ki disponib anba kontra asirans ou.

Kontakte konpayi asirans ou pou jwenn plis detay sou garanti matènite ou.

## Alètman... Yon Kòmansman ki Bon pou Sante pou Manman yo ak Tibebe yo

Alètman se youn nan pi bon bagay ou kapab fè pou tibebe ou. Se yon chwa enpòtan ki bon pou sante pou ou ak tibebe ou. Plis pase 85% tout nouvo manman ki nan New York chwazi pou bay tibebe yo tete.

Lèt tete gen eleman nitritif ki fasil pou dijere ak antikò ki pwoteje tibebe yo kont maladi. Lèt tete bay anpil avantaj pandan lavi yon timoun tankou mwens risk pou timoun nan gen Sendwòm Lanmò Tibebe Toudenkou (Sudden Infant Death Syndrome, SIDS), enfeksyon nan zòrèy, dyabèt, obezite, ak sèten kansè timoun.

Akademi Pedyatri Ameriken (American Academy of Pediatrics) rekòmande sèlman alètman pou premye sis (6) mwa lavi tibebe ou. Tank yon manman bay tibebe li tete pandan plis tan tank tibebe li ap jwenn plis avantaj sante. Tibebe ki nan tete pa malad ase souvan, sa ki kapab diminye bòdwo medikal yo.

Manman ki bay tibebe yo tete refè pi vit apre akouchman, yo retounen vin gen gwosè yo te genyen anvan gwosès yo pi vit, epi yo gen mwens chans pou gen sèten kansè tete oswa kansè ovè. New York sipòte manman ki bay tibebe yo tete avèk lwa ki pwoteje dwa yo pou yo bay tibebe yo tete nan lopital, nan sant sèvis gadri lajounen, nan espas piblik ak nan travay. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou sitwèb *www.breastfeedingpartners.org*

## Lè Ou Ale Lakay Ou... Depresyon Matènèl

Apre ou akouche, ou ka santi fatig ak akable enpe akòz gwo travay ou gen pou pran swen tibebe ou. Nivo òmòn ou ka gen kèk gwo chanjman tou. Pandan kèk jou oswa semèn, ou ka gen “bebiblou” ki kapab gen ladan sansasyon tristès, sotdimè, kòlè, gwo-gwo enkyetid ak yon fèb lanmou-pwòp. Bebiblou komen anpil epi li prale apre yon sèten tan. Doktè ou kapab sijere ou kèk fason pou ede ou santi ou pi byen.

Depresyon matènèl mwen komen. Sentòm depresyon matènèl se sentòm ki grav. Yo kapab gen ladan sansasyon dezespwa, gwo-gwo enkyetid, pwoblèm pou manje, sansasyon "pèt kontwòl", epi panse pou fè tèt ou oswa tibebe a mal. Depresyon matènèl pa yon siy feblès. Se pa yon bagay ou ka senpleman “boude”, men li kapab trete. Rele doktè ou oswa fanmsaj ou si ou panse ou gen depresyon. Si ou anvi fè tèt ou oswa tibebe ou mal, rele doktè ou imedyatman.

## Sendwòm Tibebe ki Sekwe... Pa Janm Sekwe Tibebe Ou

Yon tibebe ki pa sispann kriye kapab fache, men si li vin ankòlè sa p ap ede ni ou ni tibebe ou. Yon tibebe ka kriye paske li ankòlè, li poukont li, li gen gaz oswa li malad. Ou kapab eseye kalme tibebe ou lè ou bay li tete oswa yon bibwon, lè ou chanje kouchèt tibebe ou, oswa lè ou tcheke pou wè si tibebe ou twò cho oswa twò frèt. Ou ka eseye balanse tibebe ou, jwe mizik klasik, oswa chanje oswa fredone pou tibebe ou.

Si ou pa kapab kalme tibebe ou, mete tibebe ou nan yon kote ki pwoteje, tankou yon bèso oswa pak pou tibebe, epi pran yon repo. Respire fò epi konte jiska